

La Bib pou ti moun
prézanté



Mesye ki
pa te bay
legen yo



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Jonathan Hay
Alastair Paterson

Adapté pa : Mary-Anne S.

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Wa Nebikadneza te fè
konstui yon gwo estati
an lò. Li te fèt an lò
depi nan tèt rive nan
pye. Petèt wa a te bliye
rèv Bondye te voye ba li
a, kote li te di l wayòm
an lò li a pa t ap dire pou
tout tan. Petèt li te
panse si l ta fè yon
estati totalman an lò,
pawòl Bondye te di nan
rèv li a pa t ap rive vre.



Youn nan sèvitè wa a te
li lòd la pou pèp la :
"...nou dwe bese tèt nou
pou nou adore estati an
lò a... Si yon moun
refize bese tèt li pou
adore l, y ap jete li nan
founo a."



Tout moun te fè sa wa a te mande a — eksepte twa mesye. Mesye sa yo se te Ebre : Chadrak, Mechak ak Abèd-nego, zanmi Danyèl yo. Sanble Danyèl pa te la lè sa a, men se sèten li menm tou li ta refize adore yon zidòl moun yo te fè.



Moun saj wa a yo te jalou Danyèl ak zanmi li yo paske wa a te renmen yo. Kidonk yo te di : "Genyen twa mesye w te mete pou gouvènèn pwovens Babilòn nan — Chadrak, Mechak ak Abèd-nego. Mesye sa yo, o wa, yo pa t obeyi w. Yo pa te sèvi dye w yo, ni yo pa t adore estati lò w te fè mete kanpe a."







Wa Nebikadneza pa te vle pini mesye sa yo, men li te bay lòd pou nenpòt moun ki pa t obeyi lòd li a ta dwe pini. Li te sipliye yo pou yo chanje lide. "Si nou pa adore estatid a, y ap jete nou nan mitan fou a. Ki bondye ki kapab delivre nou anba pouvwa mwen?"




Wa a te fè yon gwo erè. Li te bay Bondye vivan an defi. Twa Ebre yo te konnen se te kont Bondye pou yo adore yon estati. Yo te rete kanpe. Paske yo te fè Bondye konfyans, yo pa te pè wa a.




Twa mesye brav sa yo te genyen yon repons pou wa a. Yo te di : "Bondye nou an, sila n ap sèvi a, kapab delivre nou nan fou sa a. Menmsi li pa fè sa, ou dwe konnen sa, wa nou, nou p ap sèvi dye w yo, ni adore estati an lò w te fè mete kanpe a."



Wa Nebikadneza
te fache anpil !
Li te bay lòd pou
yo chofe fou a
sèt fwa plis pase
jan li te konn
chofe anvan an.
Mesye yo te
toujou refize
mete ajenou
devan estati a.



Wa a te bay lòd pou sòlda ki pi fò nan
lame li a mare Chadrak, Mechak ak
Abèd-Nego epi
jete yo nan
fou a.




Fou a te tèlman cho
mesye ki te jete
Chadrak, Mechak ak
Abèd-Nego nan dife a
chalè a te boule yo.




Wa a te rete byen lwen li t ap gade sèn nan. Li te wè twa mesye yo yo te jete nan fou a, men se pa sa sèlman li te wè.



Wa Nebikadneza te etone !
"Èske se pa te twa mesye mare
nou te jete nan fou a ?" li te
mande sèvitè l yo. "Wi,"
yo te reponn. "Gade !
Mwen wè kat mesye
san mare k ap mache
nan mitan dife a.
Yo pa genyen
okenn blese.
Epi katriyèm
nonm nan
sanble ak Pitit
Bondye a !"



Lè wa a te pwoche bò pòt fou a,
li te rele byen fò : "Chadrak,
Mechak ak Abèd-Nego, sèvitè
Bondye ki anwo nan syèl la,
sòti !" Chadrak, Mechak ak
Abèd-Nego te soti nan fou a.



Tout moun te rasanble pou yo gade twa Ebre yo byen. Yo te wè dife a pa te genyen okenn pouvwa sou yo. Cheve yo pa te boule, rad yo pa te blaze. Yo pa te menm gen sant lafimen.




Lè li te reyalize sa ki te pase a, wa Nebikadneza te fè yon bagay entelijan. Li te priye epi li te di :
"Lwanj pou Bondye Chadrak, Mechak ak Abèd-Nego a, ki te voye zanj li pou delivre fidèl sèvitè li yo."




Mesye ki pa te bay legen yo
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,
Nap jwen-n nan
Danyèl 3

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130





33



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyè sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'étènité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

